

Bhaibheri re vana
Rinokupai

Jesu
anonyaradza
mananda
emugungwa



Rakanyorwa na: Edward Hughes

Rakafanidzirwa na: Janie Forest

Rakatorwa na: Ruth Klassen

Rakashandurwa na: Miriam Furusa

Alastair Paterson

Rakabudiswa neve: Bible for Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.

Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana
usinganotengesi chete.





Jesu
nevadzidzi
vake vaive
mugwa
pakasimuka
mhopo huru.
Mhopo
yakasimudza
mananda
mugungwa
reGariria.





Mananda
erudzi urwu
aigona
kuparadza
nekunyudza
chikepe.



Mhepo huru iyi yakatyisa vadzidzi.
Mananda akatenderedza igwa, mvura
ichizara mukati. Asi Jesu akanga

akatorara hake papiro,
kurara mumhepo huru.



Vadzidzi vakamutsa Jesu, vachichema,
"Tenzi, Tenzi, tava kuparara!"




"Sei muchitya, imi vekutenda kushoma?" Jesu akabvunza vadzidzi vake.




Jesu wakaraira mhupo kuti imire
kuvhuvhuta ... uye Jesu akarairazve
mananda ane simba kuti arare pasi
anyarare ...



MHEPO YAKAMIRA ...
GUNGWA RAKANYARARA KUKAVA
NERUNYARARO.



Vadzidzi vakayemura, vakati,
"Ungava ani uyu, anoteererwa
chero nemhepo negungwa!"



Papfuura imwe nguva Jesu akaita zuva
raaive akawandirwa nezvekuita.

Vanhu vanopfuura zviuru
mashanu vakamuteera

kune imwe
nzwimbo
yaisashan-
diswa.



Nesimba raMwari, Jesu akapa
kudya kuvanhu ava vose
achishandisa chikafu
chemasikati
chekamwe
kakomana.



Ainge ava madeuka zuva,
Jesu akati vanhu vose
vaende kudzimba.




Chero vadzidzi vaifanira kuenda.
Jesu akavati vapinde muchikepe



vatungamire
nekune rimwe
divi regungwa
re Gariria.





Paakange ati
vanhu vese
vaende, Jesu
akakwira
mugomo ari
ega kuti
anamate,
pakazovira
zuva akange
ari ega.





Vari kunze
uko mumvura,
vadzidzi
vakasangana
nemhepo
huru.





Mhepo iyi
yaivatadzisa
kuyambuka
mvura, chero
vainge
vaine
nguva
vachiedza
kuyam-
buka.



Vadzidzi
vaisazviziva
asi vaiva pedyo
nekuzoshamisika
kukuru!





Pakati penguva
yetatu
neyetanhatu
mangwanani,
pakati pemvura
izere mananda,
vadzidzi
vakaona
chimwe chinhu
chakavatyisa.





"Chipoko!"
vakadaidzira
nekutya.
Asi aiva Jesu,
Ishe anova
Tenzi wavo,
aiuya kwavari,
ACHIFAMBA
PAMUSORO
PEMVURA.



"Ivai nemufaro!"
Jesu akadana
kwavari. "Ndini,
musatya." Peter
akapindura akati,
"Ishe, kana
murimi ndirairei
ndiuye kwamuri
pamusoro
pemvura."



Jesu
akati, "Huya."
Nekusatya,
Peter akabuda
muchikepe
akaenda
pamusoro
pemvura
akananga
kuna Jesu.





Asi
paakaona
mhupo
ichishinyira,
Peter akatya
akatanga
kunyura.
Akadaidzira,
"Ishe,
ndiponesei!"



Ipapo ipapo Jesu
akatanbanudza ruoko rwake
akabata Peter. "Iwe wekutenda
kushoma, sei usina kuva
nekutenda?"



Ipapo vose vaiva mugwa
vakauya vakanamata
Jesu, vachiti, "Chokwadi
muri mwanakomana
waMwari."



Jesu anonyaradza mananda
emugungwa

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa muna

Mateo 8, Mateo 14,
Marko 4, Ruka 8

"Mazwi enyu anotipa kuchena."
Mapisarema 119:130



Magumo



Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza
zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu
uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo
zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo
rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana
wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye
akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa
akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana
uchitenda muna Jesu uye ukakumbira
kuregererwa anokuregerera zvitema zvako,
Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo
mako. Achagara mauri. newe ugogara maari
mazuva namazuva.



Kana uchitenda kuti ichi
ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye
makauya semunhu panyika kuzofira zvitema
zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive
heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara
nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu.
Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari
mazuva ese. Johane 3:16

